Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 14 (9974) 5 апрель 2024 с. / Рузман 26 рамазан 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## Уважаемые жители района!




Вот и наступает один из любимых всеми нами праздников-Ураза Байрам. Пусть благополучие спустится с небес на ваши дома, и на ваших столах всегда будет изобилие, а в душе-радость. Счастья, мира и тепла сердца вам.

Пусть ваши дети и близкие будут здоровы и счастливы, а ваш жизненный путь-всегда удачным.

**С праздником вас!**

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Уважаемые земляки!

Поздравляю вас с наступающим праздником Уразы Байрам. Пусть Аллах услышит все ваши молитвы, пусть в ваших домах всегда царят счастье, благо, радость и уют, милосердие и доброта. Здоровья, любви и достатка всем вам.

***Депутат НС РД М. Д. Умаханов***

## Диналъул вацал ва яцал!

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб ва бусурбабазе бищунго хирияллъунги къиматаллъунги кколел байрамаздасан цояб- кIалбиччаялъул Къо!

ТIадегIанав Аллагьас къабул гьареги нилъеца ккурал кIалал, рарал какал, рахъарал закагIат-сахIал, кьураб садакъа ва гьабураб гIибадат.

***Районалъул имамзабазул Советалъул председатель, АхIмадрасул Качалаев***

## ХIурматиял районцоял!

Гьале, тIаде щолеб буго тIолалго бусурбабазе хирияллъун кколел байрамазул цояб-кIалбиччаялъул Къо!

РакI-ракIалъ баркула нужеда нилъер диниял ва рухIияб гIумруялъул тIей гьечIеб бутIалъун кколеб, нилъер щивас жиб лъикIал ишаздалъун, гурхIел-рахIмуялдалъун ва камиллъиялдалъун кIодо гьабизе хIаракат бахъулеб ва Рамазан моцIалъул ахирлъун кколеб кIалбиччаялъул Къо.

Биччанте гьеб моцIалъул гурхIел-рахIму нилъгун даим букIине.

Нужеца ккурал кIалал, гьабураб гIибадатгун лъикIал ишал Аллагьас къабул гьареги.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель И. Б. Салимханов***
***Харабазул Советалъул председатель С. Э.НургIалиев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х. ГI. МухIамадхIабибов***

## Иргадулаб данделъиялда…

3 апрелалда, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда, администрациялда тIобитIараб аппаратальул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана гьесул заместителал, управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана росабалъ рацIцIалъи чIезабиялъул моцI тIобитIиялда, РДялъул хIукуматалъул буюрухъалда (644-р, 01.12.2023 сон) рекъон, муниципалиял унитариял предприятиябазда хиса-басиял гьариялъул план-график ва гьаб сонална араб соналъул декларациябазул кампания тIуразариялда, администрациялъул хIалтIул комиссиябазул ишазда хадуб гьоркьобкъотIи гьечIеб халкквеялда хурхарал суалал.

Данделъиялъул байбихьиялда ХI. Мусаевас, ХIабиб Сусурбиевас рагъулаб хъулухъ гьабулеб часталъул командованиялъ, эбел-инсуе баркала загьир гьабун, районалъул администрациялде бачIараб кагъат ХIабибил инсухъе кьуна.

ТIоцебесеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна бакIал раялъулгун архитектураялъул, ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас.

Гьес данделъаразе бицана, 8 апрелалдаса 8 маялде гIунтIун, районалда рацIцIалъи чIезабиялъул моцI тIобитIизе план бахъунги букIиналъул, гьелда рекъон, гьаризесел хIалтIабазул, законалде данде кколареб къагIидаялда, гIуцIарал рищни-къул балел бакIал тIагIинаризе ккеялъул ва ругел гьел «гIадлу-низамалде» рачине тIадаб букIиналъул.

Гьелда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«Нилъеца щибаб санайил тIобитIула рацIцIалъи чIезабиялъул моцI. КватIичIого, районалда лъазабизе буго гьелда хурхараб субботник. Гьеб тIобитIиялъул штабалъул членазда дица гьарулеб буго гьарулел ишазде жавабчилъиялъулаб бербалагьи букIинабеян. Цоги, нилъеда бихьула щибаб*




*соналъ нилъехъе рачIунел туристазул къадар цIикIкIунеб бугеблъиги гьезул гIемерисел Дубки посёлокалде щолеблъиги. Гьеб рахъалде кьолеб кIвар батIияб букIинабизе ккола. Росабалъ, гьезда сверухъ бакIазда, къватIаздагун нухазда рацIцIалъи чIезабиялъул цIикIкIунисеб рахъал бакIазул администрациябазул хIалтIулда бараб буго. Гьеб кIочене биччазе бегьуларо»*, -ян.

КIиабилеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна юридическияб отделалъул начальник АбутIалиб АбутIалибовас. Гьес данделъаразе баян кьуна районалъулгун росабазул администрациябазда цере гIуцIарал пачалихъиялгун муниципалиял учреждениябаи, план-графикалда рекъон, къаялдагун гьенир хиса-басиял гьариялда сверухъ тIоритIулел ишазул.

Гьесул биценалда рекъон, гьезда гьоркьоб 11 МУП буго. Гьел къаялъе, гьезулъ хиса-басиял гьариялъе батIи-батIиял гIиллабиги рачунел руго.

**Мисал:** ЕГРЮЛалъ хъван кьуралда рекъон, «Казбектранс» МУП къаялъул суал бараб рагIуна гьеб гIуцIиялъул счётал къан рукIиналда. УСНалъул вакилас бицаралда рекъон, счётал рагьарабго, гьеб къазеги буго. Цогидал гIиллабилъун кколел руго налъаби тIад рукIин, МУПал къаялъе гьаризе тIадал ишал байбихьун гьечIолъи ва гь.ц.

Лъабабилеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдулмутIали ДжабрагIиловас. Гьес бицана щолел хайиразул справкаби заманалда кьеялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул ва гьенир дандчIвалел захIмалъабазул.

Гьесул кIалъаялда тIасан ХI. Мусаевас абуна: *«Щолел хайиразул справкаби заманалда кьей ккола нилъеда тIадаб ишлъун. Гьел заманалда кьечIел хIалтIулъдасацин эркен гьаризе бегьула. Гьелъ, гьел кьезе тIадазда дир гьари буго, заманалда ва законалде данде кколел къагIидаялда, гьел кьеян»*,-ан.

Ункъабилеб суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна районалъул администрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ. Гьелъ хIалтIул комиссиябазул ишазул бицаралда хурхун, районалъул бетIерас жиндирго заместитель Басир НуцаловасеТIадкъай кьуна формаялъе гIуцIарал комиссияби къазе ва кIвар бугел ишал гьарулел цIунун тезе.

Гьелдаса хадуб гьениб гIолилал армиялде ахIиялъул комиссиялъул тIоцебесеб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъарал ХI. Мусаевасда, Б. Нуцаловасда, рагъулав комиссар Арсен МухIамадовасда ва комиссиялъул членазда гьоркьоб кампания гIуцIиялда ва заманалда тIобитIиялда сверухъ бицен ккана.

А. МухIамадовас гьениб бицана кампания нухда тIобитIиялъе гьабун бугеб хIадурлъиялъул, армиялде ахIиялъул сонал (27-ялдаса 30-ялде щвезегIан) цIикIкIинарун рукIиналъул, заманалъ рагъулаб хъулухъалде ахIарал СВОялда гIахьаллъизе гьечIеблъиялъул. Рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул кампанияби тIоритIиялъулъ захIматаб суаллъун гIолилал военкоматалде рачIунгутIи кколеб букIиналъул.

Гьелъие гIиллалъун ВУСазул хIалтIухъабаз, гIолилал, хIалтIи балагьун, рахъ-рахъазде ине кколеблъи рикIкIунеб буго. Гьединазул сияхI ихтиярал цIуниялъул органазухъе кьезе ккола. ЛъикIаб букIина нилъер комиссиялъул данделъаби, лъаб-лъаб къо гьоркьоб биччан, тIоритIаниян абуна ХI. Мусаевас данделъиялъул ахиралда.

***Гьумер хIадур гьабуна МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 — Орденал хъизабахъе кьуна

гьум. 3 — Дин ва гIумру

гьум. 4 — Прокуратура информирует…

# Распоряжение

25. 03. 2024 г. № 144

Дылым

***О введении временного ограничения движения транспортных средств, по автодороге местного значения «Миатли ГЭС-Зубутли».***

Во исполнение предписания врио начальника ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району от 15.02.2024 г. №16/2060 «Об обустройстве опасных участков удерживающими ограждениями и приведения их в нормативное состояние», в соответствии статьи 30 Федерального закона №257-ФЗ «Об автомобильных дорогах и о дорожной деятельности в РФ» и Постановления Правительства Республики Дагестан от 19 июня 2015 года N 186 «Об утверждении Порядка осуществления временных ограничений или прекращения движения транспортных средств по автомобильным дорогам регионального или межмуниципального, местного значения», в целях приведения в соответствие ГОСТ Р 52289-2019 автомобильной дороги «Миатли ГЭС-Зубутли», протяженностью 14 км, администрация МР «Казбековский район»

**РАСПОРЯЖАЕТ:**

1. Временно ограничить движение транспортных средств по автомобильной дороге «Миатли ГЭС-Зубутли» с 25.04.2024 г., до устранения недостатков. В случае, если период временного ограничения или прекращения движения, необходимый для устранения причины, превышает 30 дней, временные ограничения движения в целях обеспечения безопасности дорожного движения вводятся на основании дополнительного соответствующего распорядительного акта о введении ограничения, о чем пользователи автомобильными дорогами информируются незамедлительно.

2. Оповестить о планируемом ограничении движения с помощью средств массовой информации, и установить у въезда предупреждающие знаки и таблички. Дополнительно довести информацию до министерства по туризму и народным художественным промыслам Республики Дагестан и Дагестанского филиала «РусГидро» для руководства и пользования.

3. Временные ограничения или прекращение движения не распространяются на транспортировку дорожно-строительной и дорожно-эксплуатационной техники, занятой выполнением работ на участке ограничения или прекращения движения.

4. На время ограничения движения по автодороге «Миатли ГЭС-Зубутли», объездной автодорогой определить Миатли-Хубар-Зубутли или же Дылым-Хубар-Зубутли.

5. Отделу архитектуры, градостроительства и ЖКХ администрации МР «Казбековский район» уведомить ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району о вводимом временном ограничении движения транспортных средств.

6. Начальнику ОМВД России по Казбековскому району при необходимости силами сотрудников ОГИБДД ОМВД России по Казбековскому району посодействовать в исполнении настоящего распоряжения.

7. Опубликовать настоящее распоряжение в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района в сети интернет.

8. Признать утратившим силу распоряжение администрации МР «Казбековский район» №188 01. 05 мая 2023 года «О введении временного ограничения движения транспортных средств, осуществляющих перевозки туристических групп по автодороге местного значения «Миатли ГЭС-Зубутли».

9. Настоящее распоряжение вступает в силу с момента его подписания.

10. Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на и. о. заместителя главы администрации муниципального района Магомаева Д.Н.

***Г.Г. Мусаев, глава района***

# Районалъул бетIерас къабул гьаруна



Лъалеб букIахъе, нилъер районалъул бетIерас зама-заманалда жидер рахIат хвезабулел суалалгун рачIунел гIадамал къабул гьарула.

Кинал суалалгун жинде тIаде гIадамал рачIаниги, ХIажимурад Мусаевас гьел киданиги нахъчIвачIо. Гьев гIадамазухъ кIвар кьун гIенеккула ва, нахъ бахъичIого, суалал жидеде кколел нухмалъулезда тIадкъала ва тIураялда хадуб хал ккола.

Гьединал дандчIвазул цояблъун ккола 27 марталда букIараб дандчIвайги. Гьеб къоялъ гIадамаз районалъул бетIерасда цере рахъана социалиял рахъазда, хIалтIудалъун хьезариялда, рукъзабахъе газ бачиналда хурхарал суалал.

Ленинаул ва Калининаул росабалъа коляскабазда ругел инвалидаз районалъул бетIерасда гьарана жал гIадинал сакъатазе гьаб хирияб моцIалъ ифтар гIуцIеян.

Гьостала росулъа СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъиялъ цере рахъана хIалтIудалъун хьезариялъулги рукъзабахъе газ бачиналъулги суалал.

ГIадамаз бетIерасе кьурал цогидал суалал районалъул администрациялъул хал кквеялдеги росана.

***Марьям-Асият ХIамзатова,***
***администрациялъул аппараталъе нухмалъулей***

# Ифтар гIуцIана

ТIадехун рехсараб дандчIваялда Ленинаул ва Калининаул росабалъа сакъатаз гьарараб, узухъда, ХIажимурадица, рекIелъ рохелгун, къабул гьабуна, ва нахъбахъичIого гьев ифтар гIуцIиялда тIад хIалтIана. Гьеб, Аллагьасул кIудияб кириги гIадамазул баркалаги щолеб тадбир тIобитIиялъе районалъул бетIерас даран-базаралъулгун рахIат гьабиялъул «Аль-Раян» центр тIаса бищана.

Ифтаралда гIахьаллъана нилъер районалдаса гурелги ва жидер къадар 30-ялдаса цIикIкIарал сакъатал гIадамал. Нашидал ахIун, дугIаби гьарун хадур, Ленинаул росдал имам Раджаб ГIабдулгIазизовас, рухIаниязул ва жиндирго рахъалдасан, районалъе нухмалъулесе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьаб бусурбабазе хирияб Рамазан моцIалъ Аллагь жинда разилъулеб тадбир тIобитIиялъухъ ХIажимурадиеги гьесул хъизаналъеги гьес лъикIабщинабги гьарана.

ХIажимурадица данделъаразда, Рамазан моцI тIаде щвейги баркун, абуна: *«Баркала буго, нижер сакъатазул гьариги къабул гьабун, цогидал бакIаздаса рачIаразе. Дун гIемер дандчIвала сакъатал гIадамалгун. Гьезул мурадалде щвезе бугеб хIаракат, гIумруялде бугеб рокьи ва кинал рукIаниги ишазулъ гIахьаллъи гьабизе гьира бихьун, бичIчIуна гьезул ишал гIолеб гIелалъе мисалаллъун рукIин. Гьезул гIумруялъ нилъеда бихьизабула сакъатлъи ишазе сангарлъун кколареблъи. Баркала буго гьаб тадбир гIуцIеян дихъе рачIаразеги гьанир гIахьаллъаразеги.*

*Унгоги, дир гьеб гьариялда тамашалъи гьабизецин бачIун букIана,узухъда, дица гьелъул рахъ ккуна»*,-ян.



Ифтар гIуцIаралъухъ, гьенир гIахьаллъизе рес кьуралъухъ, гьенив живго гIахьаллъиялъухъ, сакъатазул рахъалдасан, районалъул бетIерасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна коляскабазда баскетбол хIалезулги гIужде кьвагьдеялъулги тренерал АхIмад ХIамзатовас ва МухIамад Дибировас.

Ифтар ахиралде щвана, районалъул бетIерасул рахъалдасан, сакъатазе ракIалдачIеялъул сайгъатал кьеялдалъун.

# Орденал хъизабахъе кьуна

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда бахIарчилъи бихьизабурал ва гIумруялдаса ратIалъарал гIолохъаби мустахIикълъарал шапакъаба комиссар Арсен МухIамадов, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов ва рагъухъабазул цебесеб гIагарлъи.



тал гьезул цебесеб гIагарлъиялъухъе кьолеб гIадат цебе букIараблъун кколаро ва гьелъ ракIал пашман гьарула.

1 апрелалда гьелда хурхараб иргадулаб данделъи тIобитIана районалъул администрациялда. Гьаб нухалда Темирсултан Темиргереевги Юсуп МухIамадхIабибовги мустахIикълъарал *«БахIарчилъиялъул»* орденал гьезул цебесеб гIагарлъиялъухъе кьуна.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гьирисхан Гьирисханов, гьесул заместитель НурахIма Меджидов, рагъулав

Цоги нухалда зигараги бан, ХI. Мусаевас абуна: *«Жакъа ПачалихъалъулорденалгъваридабпашманлъиялдакьолелругорагъухъабазулгIагарлъиялъухъе. Нилъер районалдаса анцI-анцI рагъухъанас ВатIаналъул букIинеселъе гIоло гIумру кьуна, гьезул мисалаздалъун, гIолеб гIелги куцазе ккола.*

*ВатIаналъе ритIухъал васал гIезаруралъухъ нужее, киназулго рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркалаги буго. ХIажатаб кумекалъе рахъине ниж кидаго хIадурги руго»*,-ян.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# МустахIикъаб шапакъат



2 апрелалда МахIачхъалаялъул поэзиялъулаб театралда республикаялъул культуриял гIуцIабазда гьабураб хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал кIодо гьариялъул тадбир тIобитIана.

Гьениб культураялъул министр Зарема Бутаевалъ халкъалъул маданият цебетIеялъуль лъураб бутIаялъухъ тIадехун рехсаразе кIудияб баркала загьир гьабуна. Гьелъ, республикаялъул бетIер С. Меликовасул рахъалдасан, данделъаразда культураялъул хIалтIухъанасул Къо баркана. ГIемермиллатазулаб культура цIуниялъулъ ва гьеб цебетIеялъулъ гьабураб кIвар бугеб хIалтIухъ культураялъул хIалтIухъабазе батIи-батIияб даражаялъул шапакъаталги кьуна.

Гьезда гьоркьой нилъер ЦТКНРалъул директор Зумрут МухIамадоваги йикIана.

3. Бутаевалъ, нилъер Централъ гьарурал ва гьарулел ишазе тIадегIанаб къиматги кьун, Зумрут республикаялъул бетIерасул Баркалаялъул кагъаталдалъун кIодо гьаюна.

***Динара Батиева***

*Дин ва гIумру*

# КIалбиччаялъул байрамалда хурхун…



Гьаб соналъул кIалбиччаялъул байрам тIаде щолеб букIин хIисабалдеги босун, дун дандчIвана Дилим росдал имам ШамильхIажи Къурбановгун ва дица гьесда цо чанго суалалъе жаваб кьейилан гьарана.

***-Ассаламу гIалайкум, ШамильхIажи! Нилъеда лъала щиб къагIидаялда кIалбиччанкъоялъул байрам нухда тIобитIизе лъикIаблъун бугебан абураб суалалда сверухъ батIи-батIиял пикраби рукIунеблъиги ругеблъиги. Гьелда сверухъ щиб гьабизе кколебали цебехун бицун букIаниги, бокьулаан, цоги нухалда тIадвуссун, дуца гьеб суалалъе баян кьуни.***

***-ВагIалайкум салам, МухIамадгIазиз!*** Дуца дие битIараб суал кьуна, дица хIал бихьила гьелъул лъикIаблъун рикIкIунеб рахъал рагьизе. Дуда лъала, кIалбиччанкъоялда хурхун, нилъер жамагIаталъ кинаб хIукму гьабун букIарабали. Цоги нухалъ такрар гьабулеб буго, гIемерал гIадамазул, хасго руччабазул гIарзал рукIана кIалбиччанкъоялъул байрам борхиялъе жидер рес гIолеб гьечIин, щайгурелъул, кIал къабул гьабун рачIарал тIолазего кьезе пихъ-мичI босизе гIарац жидер букIунарин, гьелъие гIарац балагьизе ва жал налъукье кколин.

Къокъгьабун абуни, гьедин гьабиялъ байрам захIмалъиялде, рохел гьоркьоб гьечIеб рахъалде цIалебги бугин. Узухъда, хIалтIиги гIарац щвезе бакIалги гьечIони, сундухъ бикьизе пихъ-мичI босилеб? Налъиги тIад гьабун, кьураб садакъаялъул пайда букIунищ? Гьелъ, жамагIаталъ хIукму гьабун букIана гIисинал лъимал гурони, свердизе инчIого рукIине, гIолилал ва чIахIиял эбел-инсухъе, гIагарал гIадамахъе яги гьудул-гьалмагъзабахъе ине ва гьез кьураб босичIого тезеги.

Падатлъун лъугьун букIанин абизе бегьула, тIадехун рехсаразул азбарахъеги лъугьун ва гьезул жанирецин лъугьинчIого, цоцазухъе пакеталги кьун, тIадруссунеб. Гьеб цIакъ сурараб иш буго. Щай бегьулареб, жаниреги лъугьун, кIалги къабул гьабун, нагагьлъун бетIергьабаз цебе лъураб нигIматалъул бутIаги кванан, тIадруссине? Гьедин гьабуни лъикIаб гьечIищ?

Исанаги кIалбиччаялъул къо нухда тIобитIиялъе цебе жамагIаталъ бахъараб хIукмуялъулъ щибниги хисун гьечIо, гьелъул хIакъалъулъ рузманалда биценги гьабун буго.

***-ШамильхIажи, цоги гIемер баккулеб суаллъун закагIат-сахI бахъиялъул суал буго. Гьелда тIасан щиб дуда абизе кIолеб?***

Гьале, цо чанго сон буго нилъер жамагIаталда гьоркьоб закагIат-сахI бахъиялъул суал «Инсан» фондалъ нухда тIобитIулеб. СахI цудунго, ай, Рамазан моцI тIаде щварабго бахъизе бегьула. Гьедин гьабиялъ рес кьола рехсараб фондалъул хIалтIухъабазе заманалда жидее щолезухъе гьеб щвезабизеги щваразе гьеб хIалтIизабизеги. Цо-цояз, жалго лъикIал лъугьун, бахъула сахI, амма нилъеда лъазе ккола сахIин абуниги, гьеб закагIат буго.

ЗакагIат кьезе АллагIас Къуръаналда микьго тайпа рехсон буго. Гьел тайпабазде гьоркьоре ккечIони, закагIат гьеллъун рикIкIунаро. Нилъеда гьоркьоб цебего билълъанхъун букIана бесдалазе сахI кьей, щай абуни, эмен тIад гьечIел мискинлъиялде ккола рукIун. Гьанже гьеб рахъалдаги хиса-басиял ккун руго.

Нилъеда лъала кинал бесдалал бицине гIанасеб мискинлъиялде ккун гьечIеллъи. Гьединазе хIукуматалъги, батIи-батIиял рахъаздасан гIуцIабазги, гIага-гIунтIаразги кумек гьабулеб буго. Мискинлъиялде унго-унголъун ккарал бесдалазеги гурони, закагIат-сахI щоларо.

**Лъиде мискинав чийин абизе бегьулеб?**

Нилъер хIукуматалъ чIезабун буго гIумру нухда, бахабакун, тIамиялъе хIажатаб къадар гIарцул. Гьеб жидее щоларезда абизе бегьула мискинал чагIийилан. Халат гьабун гьелъул бицине кколаро. Бахъараб сахI заманалда «Инсан» фондалде щвезабуни, гьелъул хIалтIухъабаз, унгояб мискинлъиялде ккаралги цIехон, гьеб гьезухъе щвезабула, ва гьез гьелъул ургъел нилъеда тIаса босула.

***-ШамильхIажи! Дуда лъала сундул сахI бахъилебали абуралда сверухъги ахир гьечIел биценал рукIунеблъи. Цояз абула, тIощалил гурони бахъизе бихьизабун гьечIин, цогидаз бугелдаса бегьулин, лъабабилез гIарцудалъун бахъиги рикIкIунин.***

**Гьел рахъазул кинаб лъикIаб бугеб?**

-Цебе заманалда сахI ролъудалъун бахъулаан, щайгурелъул, гIадамаз гьелдалъун бетIербахъи гьабулеб букIун. Гьаб заманалда, ХIанапил мазгьабалда нахъ рилълъун, мискинзабазе, хасго шагьаралда ругезе бигьалъи букIине, гIалимзабаз ихтияр кьун буго гIарцудалъун сахI бахъизе, ШапигIил мазгьабалда рекъон, сахI ролъудалъун бахъилин абулезеги гьедин гьабизе ихтиярги буго. Гьаб соналъ ролъудалъун сахI бахъулезе «Инсан» фондалъ чIезабун буго цо чиясе сахIие 150 гъурущ бахъизе.

Цоги, ХIанапил мазгьабалда нахъ рилълъунел гIалимзабаз абулеб буго, цо чияс сахIие кьезе бегьулин, гьоркьохъеб хIисабалда, мискинасе ригь борчIиялъе хIажатал кванил нигIматазухъ кьезе кколеб гIарац. Хал гьабураб заманалда гьелъул къадарги, гIага-шагарго, 150 гъурщиде бахунеб буго.

Рехсараб мазгьабалда рекъон, закагIат-сахI бахъизе бегьулеб буго чамасдакIалдалъун, кишмищалдалъун ва цогидал нигIматаздалъун. Узухъда, гьезул багьа батIи-батIияб букIуна. Рес рекъолезе ихтияр буго, гьел нигIматазул багьаязда рекъон, сахI бахъизеги.

***-ШамильхIажи! КIалбиччаялъул байрам тIаде щолеб бугелъул, щиб дуе росдал гIадамазеги районцоязеги гьаризе бокьун бугеб?***

-Гьай-гьай, киналго районцоязе дица гьарула ккурал кIалалги, гьабураб гIибадатги, рарал таравихIалги АллагIас къабул гьари. ГIидалъул къоялъ цоцазде тIаде инеги, цоцазухъе щвезеги АллагIас киназего тавфикъги кьеги. Гьединго, заманалда ва цIубан, сахIал рахъизеги АллагIас рекъей гьабеги.

МухIаммад □ АварагIас абун буго сахI бахъичIебгIанаб заманалъ инсанас гьабураб гIибадат зобалазде бахине гьечIин. АллагIас нилъеца гьабураб кинабго гIибадат къабул гьабеги.

Пайдаяб гара-чIвариялъухъ ШамильхIажие баркалаги загьир гьабун, дун тIадвуссана.

*МухIамадгIазиз ХIамидов*

# ГIидалъул къоялъул адабал

Рамазан моцI, БетIергьанас нилъее Къуръаналда жаниб кIодо гьабун, хира гьабун жиндир фазаилал гIемер рицараб, АллагIас инсанияталде Хирияб Къуръан рещтIиналдалъун.

Рамазан моцI лъугIиялъулъ муъминчиясе тIаде щолеб гIидалъул къоялда хурхараб рохелги буго, лъагIалида жаниб бищун лъикIаб моцIалъулгун къо-лъикI гьабиялъул пашманлъиги буго. Рамазаналъул ахиралде щвезегIан лъикIал гIамалал гьаризе бажарун батичIони, гьеб моцIалъул ахирисел къоялгIаги пайдаяб куцалъ тIоритIизе жигар бахъизе ккола. Нилъеда рекъола гьел къоял гIибадаталъе рихьизаризе, унеб моцIалъул дагьаб баракат гьелдалъун щвеялда хьулгун.

Гьале ахиралде щолеб буго хирияб рамазан моцI. МоцI лъугIунеб буго, амма гьаризе хIисабалде росун рукIарал лъикIал гIамалазул чангояб гIумруялде рахьинаричIого хутIинги руго. ТIасияб рамазан моцI бачIинегIан чIаго хутIиялдаги нилъ ургъуларо.

РачIа нилъеца гьал хутIарал къоял гIаги нухда берцин тIамизин.

Расулуллас □ абуна: *«Дун нужехъе вачIун вуго Лайлатул Къадриялъул хIакъалъулъ, гьеб кида тIаде щолебали бицине. Амма дун хIинкъана нуж гIицIго гьелде таваккал тIамун (ай тIубараб моцIалъ гIибадат гьабичIого, гIицIго гьеб сордоялде хьул лъун) чIелилан.*

*Гьадин (балъго тун) нужее лъикI букIинеги бегьула. Лайлатул Къадриялъул сордо балагье рамазан моцIалъул ахирисеб анцIго сордоялъулъ, гьеб лъугIизе ичIго, анкьго, щуго, лъабго ва цо сордо хутIараб мехалъ. Гьединлъидал лъикIаб буго рамазан моцIалъул ахирисеб анцIабго къоялъ АллагьасегIибадаталда цIакъго тIадчIей гьабизе»*, -ян.

Бусурбабазул соналда жаниб кIиго гIид буго: рамазаналъул киналго кIалалги ккун шаввал моцIалъул тIоцебесеб къо; къурбан хъолеб зуль-хIиджаялъул 10-леб къо. Гьеб кIиябго гIидалъул адабаздасан гьал руго:

- гIидалъул сордо Аллагь рехсон, гIибадат-тIагIаталда борчIи;
- черх-чури;
- цIияб, бацIцIадаб, берцинаб ретIел ретIин;
- берцинал махIал гьари, баргъич бай;
- кIал биччаялъул гIидалъхул какде кванан ин;
- къурбаналъул гIидалъул какде кваначIого ин, къурбаналъул гьан квинегIан чIун;
- гIидалъул какде хеккого, вилълъанхъун ин, гьаракь биччан «такбир» бачин;
- къватIазда, мажгитазда, рокъоб, каказда хадуб, кибго гIемер такбир бачин;
- мажгиталде цо нухдасан,гьениса нахъе цоги нухдасан ин;
- цоцазда гIид барки, зияратал гьари,цоцазе лъикIаб дугIа гьаби;
- гIагарлъиялъухъе, диналъул ваццазухъе вакки, гьезул барщарал ва кьалда ругел рекъезари;
- цоцазе садакъа сайгъатал кьей;
- хабалазде зиярат гьаби;
- лъимал-хъизан рази гьари, гьезие нафакъа гIатIид гьаби;
- тIубараб гIидалъул къоялъго дугIа гьабиялда, лъикIал гIамалал гьариялда, Аллагь рехсеялда рукIин.

КIиябго гIидалъул сордо борчIун щив чи вугониги, гьев чиясул ракI чIунтуларо, цогидазул ракIал чIунтулеб къоялъ.

Цоги хIадис буго: *«ТIубараб рамазан моцIалъ маркIачIулги боголилги какал жамагIаталда рарав чиясе Лайлатул Къадриялъул камилаб бутIа щвела»*, -ян.

Аллагьас нилъее тавфикъ кьеги гьел къоял БетIергьан разияб къаг1идаялда нухда тIобитIизе.

*Исламияб календаралдаса босараб*

*«БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ» акция*

# БахIарчи ракIалде щвезавуна

Нилъер районалда цIияб ва лъикIаб гIадатлъун лъугьун буго СВОялда гIахьаллъулезул, гьенир къадаралде щваразул хъизабахъе щвей. Гьезул ракIбати ва гьезие хIажатаб кумек гьаби мурадалда, районалъулгун росабазул администрациябазул, цIалдохъабазул ва гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъабазул вакилзаби гьезухъе гIемер щола.

Гьаб нухалда республикаялъул *«Улбузул къуват»* жамгIияб гIуцIиялъул районалда бугеб отделениялъул куратор Аминат Абужанатова, ЕИЦялъул хIалтIухъабигун, СВОялда гIумруруялдаса ватIа лъарав Ленинаул росулъа Шамил АхIмадовасул хъизаналъухъе щвана.



Гьесул эбел Аминатица гьалбазе жиндирго васасул гIумрудул къокъабго баян кьуна.

-Гьев кидаго хIадурав вукIана гIага-божаразегун росуцоязе хIалае вахъине. РитIухъав, гIумру хирияв гьес нилъер президентасул политикаялъул, гьес бищараб нухалъул рахъги кколаан. Гьедин, Шамиль ахIаравго СВОялда гIахьаллъизеги ана,-ян Аминатица тIадеги жубана.

Шамилил гIолохъанаб заманалъул ишазул бицана вац Хизрицаги, яц СалихIатицаги, имгIал СалихIицаги.

ГIумруялдаса ватIалъун хадув Шамиль *«БахIарчилъиялъул»* орденалъе мустахIикълъана.

ДандчIваялъул ахиралда А. Абужанатовалъ, районалъул бетIер ХI. Мусаевасул рахъалдасан, бахIарчиясул лъадуе тIугьдузул квацIи кьуна. Гьединго, гьелъ Шамилил эбелалъе квералъ хIадурараб васасул сурат сайгъат гьабуна.

*Динара Батиева*

# Прокуратура информирует…

**«Обязанность осуществления взносов на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирном доме»**

Согласно ч. 1 ст. 169 Жилищного кодекса РФ собственники помещений в многоквартирном доме обязаны уплачивать ежемесячные взносы на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирном доме. Исключения из этого правила четко оговорены в ч. 2 ст. 169, ч. 8 ст. 170 и ч. 5 ст. 181 ЖК РФ.

От уплаты взносов на капитальный ремонт освобождаются, например:

1) собственники помещений в многоквартирном доме, признанном в установленном порядке аварийным и подлежащим сносу, а также в случае принятия уполномоченным органом решений об изъятии земельного участка, на котором расположен этот многоквартирный дом, и каждого жилого помещения в этом доме, для государственных или муниципальных нужд;

2) собственники жилых помещений в многоквартирном доме, расположенном на территории, в отношении которой принято решение о комплексном развитии территории жилой застройки, предусматривающее снос или реконструкцию многоквартирных домов, не признанных аварийными;

3) собственники помещений в многоквартирном доме, расположенном на территории закрывающегося населенного пункта;

4) собственники помещений в многоквартирном доме, формирующие фонд капитального ремонта на специальном счете, принявшие на общем собрании решение о приостановлении обязанности по уплате взносов на капитальный ремонт в связи с достижением установленного минимального размера фонда капитального ремонта (за исключением собственников, которые имеют задолженность по уплате взносов).

Отметим, что обязательство бывшего наймодателя по проведению капитального ремонта общего имущества в многоквартирном доме (при наличии такого обязательства) не освобождает граждан, приобретших право собственности на квартиру в результате приватизации, от уплаты взносов на капитальный ремонт (ч. 1, 4 ст. 190.1 ЖК РФ).

Минимальный размер взноса на капитальный ремонт устанавливается нормативным правовым актом субъекта РФ. Собственники помещений могут принять решение об установлении взноса в размере, превышающем установленный минимальный размер (ч. 8.1, 8.2 ст. 156 ЖК РФ).

В соответствии с Федеральным законом от 07.10.2022 N 378-ФЗ *"О внесении изменений в статьи 166 и 169 Жилищного кодекса Российской Федерации и Федеральный закон "О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации"* россиян, который заключил контракт о военной службе по мобилизации, с 7 октября 2022 года освобождается от начисления пеней за несвоевременные или неполные платежи за жилье и коммунальные услуги. То же касается взносов на капремонт.

Мера поддержки распространяется также на членов семей мобилизованных и действует до прекращения контракта.

Кроме того, законом субъекта РФ может быть предусмотрена компенсация расходов на уплату взноса на капитальный ремонт следующим категориям граждан (ч. 3 ст. 158, ч. 2.1 ст. 169 ЖК РФ):

одиноко проживающим неработающим собственникам жилых помещений, достигшим возраста 70 лет, - в размере 50%, 80 лет - в размере 100%;

проживающим в составе семьи, состоящей только из совместно проживающих неработающих граждан пенсионного возраста и (или) неработающих инвалидов I и (или) II групп, собственникам жилых помещений, достигшим возраста 70 лет, - в размере 50%, 80 лет - в размере 100%.

При этом уполномоченный орган (учреждение) должен самостоятельно запросить документы и информацию, которые необходимы для принятия решения о предоставлении указанной компенсации, и не вправе требовать их представления от граждан, если получение таких документов (информации) возможно в порядке межведомственного взаимодействия (ч. 2.1 ст. 169 ЖК РФ).

## Дистанционные сервисы поставщика газа для экономии вашего времени

Сегодня рассказываем, какие онлайн-сервисы работают у поставщика газа *«Газпром Межрегионгаз Махачкала»* и зачем они нужны.

Учитывая необходимость экономии времени и для скорейшего решения появившихся вопросов, в ООО *«Газпром Межрегионгаз Махачкала»* работают дистанционные сервисы взаимодействия с потребителями газа и потенциальными участниками программы догазификации.

Для потребителей газа организована бесплатная телефонная линия, по которой можно получить консультацию по вопросам газопотребления. *В* «Контакт центре» можно узнать о сумме и причинах задолженности за газ, уточнить тарифы на газ, узнать дату поверки счетчика и порядок проведения поверки, узнать адрес абонентской службы и т.д. Позвонив в *«Контакт центр»* по номеру 8-800-200-98-04 (с 9 до 18 ч.) можно также сообщить о качестве обслуживания сотрудниками газовой компании.

Для удобства оплаты за газ на официальном сайте ООО *«Газпром Межрегионгаз Махачкала»* www.mkala-mrg.ru

*"Межрегионгаз Махачкала"* работает *«Личный кабинет абонента»*, который предоставляет возможность абоненту в режиме онлайн оплатить за газ БЕЗ КОМИССИИ, посмотреть информацию по лицевому счёту, передать показания прибора учёта - не выходя из дома, не покидая рабочее место, не опаздывая и не посещая кассы. Приложения по онлайн оплате за газ можно скачать на смартфон - *«Газ Онлайн»* или *«Мой Газ»*. Каждый четвертый потребитель газа в Дагестане уже пользуется преимуществами дистанционной оплаты и не посещают кассы, существенно экономя время и не нарушая платежную дисциплину.

Также на официальном сайте *«Газпром Межрегионгаз Махачкала»* размещена *«Интернет-приёмная»* генерального директора компании Р. У. Мурадова. Благодаря данному сервису можно напрямую задать вопросы генеральному директору, а также оставить свои предложения и пожелания. Сервис *«Интернет-приемной»* генерального директора прост в использовании и не требует наличия у пользователей каких-либо специальных знаний. Это самый краткий и удобный способ подачи заявления поставщику газа в Дагестане.

***Межрегионгаз Махачкала***

*Спорт -инсанасул сахлъи*

# Волейбол

Арал гIодор къояз Дилим росдал гимназиялда тIоритIана ясазул ва васазул волейбол х1аялъул школазул лигаялъул зоналиял къецал. Гьенир гIахьаллъана нилъер, ЦIияблак, Бабаюрт, Нугъай районазул ва Хасавюрт шагьаралъул командаби.



ХIалуцарал хIаязда хадуб, ясазда гьоркьор тIоритIарал хIаязулъ тIоцебесеб бакIалде бачIана Дилим росдал гимназиялъул команда, кIиабилеб бакI Хасавюрт шагьаралъул №12 школалъул командаялъ босана ва лъабабилеб бакIалъе Нугъай районалъул команда мустахIикълъана.

Васазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалде Нугъай районалъул команда ва кIиабилебгун лъабабилеб бакIазде Хасавюрт шагьаралъул №12 ва №19 школазул командаби рачIана.



Призалъулал бакIал росарал командабазе гьенир физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул грамотаби кьуна.

Бергьенлъаби ва кIиабилел бакIал росарал командабазе гьениб рес щвана тIадехун рехсараб лигаялъул финаладда хIазе.

***Насрула Алиукъаев***

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз, классцояз ва жий лъалез, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Расият Халимбеговалда ва тIолалго гIага-божаразда, вас

**Сулайман**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94 **Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, **Набор:** М.М. ХIайбаева **Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова **Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.** Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 15.30

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, **Индекс:** 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**